



Grades 9-11 Procedure

Kirundi

Umwaka wa 9-11* Itegugwa ry'amanota y'igice ca Spring

(* Aba High School bafise ivyigwa bize muri Middle school nabo bazokurikiza ibi vya 9-11)

- Nta munyeshuri azobana amanota ari hasi yayo yarafise tariki ya 20 z'ukwa Gatatu, 2020.
- Abanyeshuri bashobora kubona uko bongera amanota(ayo kongera ku ya nyuma) muri AP,IB,statewide Dual Enrollment,CLEP, na Industry Certification, batagomvye gukora ikibazo ca nyuma co kurangiza. Ibi biraba gusa ivyigwa bisaba gukora ikibazo mu kurangiza muri Spring 2020.
- Abarimu b'umwaka wa 9-11 bazorangiza gushira hamwe amanota yatanzwe imbere y'itariki 12 z'ukwa Gatatu, 2020 (umunsi wa nyuma w'ishuri mbere yuko Guverneri asaba amashuru kugara) bace barangiza amanota y'igice ca gatatu kwi tariki ya 22 z'ukwa kane, 2020.
- Abarimu bazoca bashira amanota y'igice ca gatatu muri Aspen. Hanyuma ayo manota azoshobora guhabwa abavyeyi ku tariki ya 24 z'ukwa Kane, 2020

Amanuta ya nyuma yo muri Spring

- Hagati yo ku wa Gatatu, itariki 24 z'ukwa Kane no ku wa Gatatu, itariki 29 z'uko, abanyeshuri bazorabira hamwe n'abavyeyi amanota y'igice ca gatatu muri Aspen bace bahitemwo kimwe muri ibi:
 - a) Kwemera amanota bamuhaye ku gice ca gatatu kw' ariyo manota ya nyuma yo mu gice ca Spring 2020. Bigenze gutyo, umunyeshuri ntazokwirigwa asubiramwo ivyo bize ngo aduze amanota yiwe.
 - b) Amanota ntazokwigera aja hasi yayo bari bafise kw'itariki ya 20 z'ukwa gatatu, 2020, ariko abanyeshuri bashobora gukora ivyigwa uko bagenda babironka, bakabiha mwarimu hagati yo ku wa gatanu, itariki 1 y'ukwa Gatatu no ku wa Mbere,itariki 18 z'uka Gatatu,2020, kugira ngo barabe ko boduza amanota y'igice ca gatatu.

Abarimu bazotanga amanota y'igice ca Spring ku tariki ya 21 y'ukwa Gatatu, 2020. Kubera amagara n'umutekano w'abanyeshuri n'abarimu, ibintu vyose bizatangwa ku buryo bwa kijambere muri Aspen, Canvas, canke Email. Abarimu bazobarira abanyeshuri uburyo bazokoresha.

- Ba mwarimu bazoraba ivyo abana batoye (A canke B) muri Aspen. Hanyuma bazorondera abana canke imiryango itahisemwo uburyo bumwe kw'itariki ya 1 y'ukwa Gatatu, 2020, babarondere nibura incuro zitatu (3) kandi igihe cose bavyandikwe muri Aspen.

- Nimba abanyeshuri bahisemwo B ariko bagahura n'ingorane ituma badatanga ivyo babahaye gukora mbere y'itariki ntarengwa ya 18 z'ukwa Gatanu, 2020, abarimu bazoca bakoresha amanota y'igice ca gatatu. Ubwo abo banyeshuri bazoba bafise indwi zibiri mu kwezi kwa Munani, hagati y'itariki 10- 24 kugira ngo buzuzwe urupapuro rwo kujurira ku manota hanyuma baruha principal arwihweze.
- Nimba ubujurire bwemewe, principal azoraba uko umunyeshuri yokorana na mwarimu, akamuhe ivyo gukora kandi akagomba kuzobitanga bitarenze itariki 10 z'ukwezi kwa 10, 2020 (igice ca mbere c'amanuka y'indwi 9). Ico gihe mwarimu azomuha amanota azoca yemezwa kuba amanota ya nyuma.

Ibindi bishobora kubafasha

- Amanota yose ya nyuma ya Spring 2020, azoba afise urugero rw'amanota bita GPA rwerekana abatsinda.
- Abafashwa bose muri IEP na prrograma za 504 zifasha abana bafise ubumuga, vyose bigomba gukurikizwa ku bana barangiza kandi bakeneye kuduza amanota yabo.
- .Abari muri Dual Enrollment courses, amanota azakomeza atangwe n'ababishinzwe yaba ari umwarimu wa Knox County canke ari uwundi. Ibi vyigwa ntibikurikiza amategeko y'ibindi. Nimba hari abipfuzwa kubihindura bagafatamwo bimwe, bashobora kuja kuraba principal wabo.